



Orange Township Public Schools

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D
Biwo Sipèntandan an



24 Mas 2020

Nou Salye Kominote Lekòl Piblik Distri Vil Orange lan,

Mwen adrese'm ak nou nan apremidi sa a konsènan kèk enkyetid ak kesyon ki genyen rapò ak pandemi aktyèl la, ki se COVID-19 ak enpak li sou kominote lekòl nou an. Premyèman e se premye fwa, ke nou sot enfòme ke yon manm nan Kominote Lekòl Piblik Distri Orange nou an te teste pozitif pou KOVID-19 la. Tanpri sonje, ke nenpòt moun ki te genyen kontak sere avèk anplwaye sa a ap resevwa komunikasyon dirèk k'ap soti nan Depatman Sante Orange lan.

Etandone nati pandemik sa a, nou prevwa ka genyen plis ka pozitif e nou fè konfyans a Depatman Sante Orange lan nan gide kominote a nan tout pwoesisi ki nesesè nan moman sa a. Nou vle kwè ke desizyon pwokatif pou te fèmen lekòl yo akòz ijans nasyonal sa a te ede diminye pwopagasyon enfeksyon an. Lekòl Piblik Distri Vil Orange pral kontinye travay sere sere avèk Ofisyèl Sante Piblik yo, nan bay tout asistans posib, epi kenbe kominote lekòl nou an byen enfòme.

Tanpri konprann ke dapre lalwa Eta a ak lalwa federal la sou kesyon prive, nou pa gen dwa pataje enfòmasyon espesifik yon moun avèk ou. Nenpòt notifikasiyon sou kesyon sa a, se Depatman Sante Lokal la k'ap jere yo. An akò ak lalwa Eta a, nou espere ke Depatman Sante a ap fè yon ankèt sou maladi a pou idantifye ki kote moun nan ap viv ak kontak sere ki ka montre risk adisyonèl ak dènye kote li te vwayaje. Lè yo fin idantifye kontak sere yo, yo pral enfòme yo pou yo mete tèt yo an karantèn pou yon peryòd ki ale jiska 14 jou. Si moun sa yo devlope sentòm (lafyèv, tous oswa difikil pou respire) pandan 14 jou sa yo oswa resevwa yon rapò laboratwa ki konfime pou KOVID-19, yo dwe kontakte Depatman Sante Lokal la.

Akòz nati enfòmasyon an, nou ankoraje rezidan yo pou yo kontakte Sant Apèl KOVID-19 NJ 24/7 nan 1-800-222-1222 oswa 1-800-962-1253 si apèl la fèt nan telefòn selilè ki pa NJ pou enfòmasyon ki ajou yo. Rezidan New Jersey yo ka rele tou nan NJ 211 pou kesyon oswa enkyetid sou KOVID-19 la lè w rele 2-1-1. NJ 211 se yon metòd enfòmasyon entèlijan atravè tout Eta New Jersey a ak sèvis referans ki opere pa United Way nan New Jersey. Rezidan yo kapab voye tèks tou nan NJCOVID 898-211 pou resevwa enfòmasyon nan tèks epi kenbe w enfòme. Pou resevwa èd nan tèks dirèk, rezidan yo kapab tèks kòd postal yo nan 898-211.

Nou tout ansanm, nou nan menm sitiyasyon kòm yon sèl kominote lekòl. Pandan moman sa a, anplwaye nou yo ap travay kole kole ak fanmi nou yo sou plizyè aspè nan kontinye avèk aprantisaj a distans la. Rezistans kontinyèl ou pandan pandemi sa a te byen remake ak sètènman byen apresye. Nan Orange, nou se yon sèl ekip epi sa fè nou vin pifò sètènman. Pou'n fini, tanpri rete an sekirite epi konnen ke nou la pou ou.

Se Moun pa w la nan Edikasyon,

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.

Gerald Fitzhugh, II, Ed.D.
Sipèntandan Lekòl yo